

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar dina bab IV, hasil panalungtikan ngeunaan kalimah dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar karya Dédy Windyagiri* bisa dicindekeun saperti ieu di handap:

a. Kalimah dina Sisindiran

Kalimah – kalimah dina sisindiran nyoko kana kalimah – kalimah anu ngawangun sisindiran. Sisindiran téh diwangun ku cangkang jeung eusi. Boh cangkang boh eusi pada-pada diwangun ku dua klausa atawa leuwih. Ku lantaran kitu, wangun kalimah sisindiran kaasup kana wangun kalimah ngantét. Kalimah ngantét dina sisindiran boga tipeu, adegan, tatali harti jeung kahasan kalimah, nu ngawengku:

- 1) Tipeu kalimah ngantét dina sisindiran téh aya 3, nyaéta, (1) kalimah ngantét mandiri, (2) kalimah ngantét rangkepan, jeung (3) kalimah ngantét campuran;
- 2) Adegan kalimah ngantét dina sisindiran téh variatif pisan. Adegan kalimah ngantét tipeu I boga 4 variasi adegan kalimah, tipeu II boga 2 variasi adegan kalimah, tipeu III aya 4 variasi adegan kalimah. unggal tipeu boga variasi pola séwang-séwangan;
- 3) Tatali harti antarklausa dina sisindiran di antarana baé nuduhkeun harti jumlah, guna, sarat, pangécés, babandingan, cara, akibat, jeung guna;
- 4) Kahasan kalimah dina sisindiran ngawengku (1) kalimahna mangrupa kalimah ngantét nyaéta kalimah anu diwangun ku dua klausa atawa leuwih, (2) miboga kabébasan dina konstruksi kalimahna, hal ieu dibuktikeun ku lobana variasi pola kalimah anu kapaluruh, (3) lalusa dina ngarobah jeung nempatkeun runtuyan kekecapan, hal ieu balukar tina variatifna pola kalimah téa, jeung (4) jejer dina kalimah mindeng henteu ditembrakeun.

b. Kalimah dina Wawangsalan

Kalimah – kalimah dina wawangsalan diwangun ku dua klausa. Klausa cangkang jeung klausa eusi. Dumasar kana jumlah klausa nu jadi pangdeudeulna, kalimah – kalimah dina wawangsalan kaasup kana kalimah ngantét. Kalimah ngantét dina wawangsalan boga tipeu, adegan, tatali harti jeung kahasan kalimah anu didéskrripsikeun saperti ieu di handap:

- 1) Tipeu kalimah ngantét dina wawangsalan téh aya dua rupa, nu ngawengku kalimah ngantét satata (tipeu I) jeung kalimah ngantét sélér-sumélér (tipeu II);
- 2) Adegan kalimah ngantét dina wawangsalan tipeu I boga 31 variasi pola kalimah ari tipeu II aya 9 variasi pola kalimah.
- 3) Tatali harti antarklausa anu kapanggih dina wawangsalan di antarana: nuduhkeun harti babandingan, jumlah, sarat, guna, jeung waktu;
- 4) Ciri has kalimah dina wawangsalan anyar méh sarupa jeung kahasan dina kalimah sisindiran, di antarana waé nyaéta, (1) kalimahna mangrupa kalimah ngantét nyaéta kalimah anu diwangun ku dua klausa atawa leuwih, (2) miboga kabébasan dina konstruksi kalimahna, hal ieu dibuktikeun ku lobana variasi pola kalimah anu kapaluruh, jeung (3) laluasa dina ngarobah jeung nempatkeun runtuyan kekecapan, hal ieu balukar tina variatifna pola kalimah, (4) jejer (J) dina kalimah wawangsalan leuwih produktif dibandingkeun jeung jejer dina kalimah sisindiran.

5.2 Saran

Panalungtikan ngeunaan kalimah dina sisindiran jeung wawangsalan ieu boa kaitung héngker kénéh. Ku lantaran kitu, diperlukan panalungtikan-panalungtikan lianna anu leuwih gemet, leuwih nyosok jero tur leuwih méréle kana kalimah dina sisindiran jeung wawangsalan. Panalungtikan ngeunaan kalimah dina sisindiran jeung wawangsalan nu dilaksanakeun tina rupa-rupa jihat, dipiharep bakal jadi panalungtikan anu mantak pikatajieun, onjoy ajénna, loba mangpaatna tur ngeuyeuban kana tiori-tiori anu geus aya.

Hena Sumarni, 2016

*KALIMAH DINA SISINDIRAN JEUNG WAWANGSALAN ANYAR KARYA D ÉDY WIND YAGIRI
(ULIKAN STRUKTUR JEUNG SEMANTIK)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Hubunganana jeung pangajaran, dipiharep ieu panalungtikan bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran, kualitas bahan ajar tur kualitas kagiatan diajar ngajar. Boh ti pihak guruna boh di pihak siswana. Utamana, kecap-kecap dina sisindiran jeung wawangsalan bisa ngeuyeuban kabeungharan kecap siswa. Lantaran, muncul anggapan yén kahéngkéran pangajaran basa Sunda dibalukarkeun kurangna kabeungharan kecap nu dipibanda siswa dina komunikasi sapopoéna.